

La Bib pou ti moun prézané



Legliz la ap
sibi kèk
pwoblèm
(twoub)



Ékri pa : Edward Hughes

Ilistré pa : Janie Forest
Alastair Paterson

Adapté pa : Ruth Klassen


Tradwi pa : Ausky Salomon

Pwodwi pa : Bible for Children
www.M1914.org


©2025 Bible for Children, Inc.

Lisans : Ou gen dwa pou copyé o swa fè fotocopie istwa sa,
dépi sé pa pou van-n ou fè li.

Senkant jou apre Jezi, Pitit Bondye a, te resisite
pami mò yo, Sentespri a te desann sou disip li yo.
Malgre yo pa te konprann kijan Bondye Papa a,
Bondye Pitit la (Jezi), ak Bondye Sentespri a te
kapab yon sèl Bondye, yo te kontan dèske Bondye te
avèk yo. Bondye te fè kèk gwo bagay pou l ede apot
yo pale de Jezi ak lòt moun yo.



Moun ki te kwè nan Jezi yo te pataje tout sa yo te genyen epi yo te pran swen pòv yo. Men, yon koup ki te rele Ananyas ak Safira te malonèt. Yo te vann yon moso tè epi yo te fè tankou yo te bay apot yo lajan an. Men, yo te kenbe yon pati nan lajan an an sekre.




3

"Poukisa Satan plen kè w jouktan w ap bay Sentespri a manti?" Pyè te mande Ananyas. "Se pa moun yo w ap bay manti, men se Bondye." Lè Ananyas te tande pawòl sa yo, li tonbe atè epi li te trepase. Kèk jèn moun te pote l epi yo t antere li.



4

Yon ti tan apre, Safira te antre, li pa te konn anyen sou lanmò mari l. Li te bay manti tou sou lajan an — epi menm bagay la te rive li tou. Yon gwo laperèz te anvayi tout asanble a.



5

Bondye Sentespri a te fè anpil siy ak mèvèy pa mwayen apot yo. Pa egzanp, malad yo te geri lè lonbray Pyè te pase sou yo.



6

Se te yon epòk gwo mirak, ki te montre prezans Bondye. Tanzantan plis moun te kwè nan Jezi. Sa ki te fè gwo chèf sakrifikatè a fache.

Li te fè mete apot yo nan prizon!



7



Men, yon jou lannwit, yon zanj Letènèl te louvri pòt prizon an, li te mete yo deyò,

epi li di yo : "Ale, rete nan tanp lan, epi anonse pèp la tout pawòl lavi sa a." Apot yo te soti, epi yo te kòmanse preche sou Jezi. Nan maten, mesye gwo chèf sakrifikatè a te jwenn prizon an vid.

8

Lè li te jwenn yo, gwo chèf sakrifikatè a di yo :
 "Èske nou pa te pase nou lòd pou nou pa anseye nan
 non sa a ?" Pyè ak lòt apot yo te reponn : "Nou dwe
 obeyi Bondye pito pase nou obeyi moun yo." Gwo
 chèf sakrifikatè a te tèlman fache li te vle touye yo.
 Men, li fè bat yo ak kout baton epi li lage yo.

Malgre soufrans yo,
 apot yo te obeyi
 Bondye epi yo
 te kontinye
 preche nan
 non Jezi.



9

Yon jou, yo te arete yon nonm yo te rele Etyèn. Li te
 renmen Senyè Jezi. Sentespri te itilize l pou l pale
 ak lòt moun yo de Jezi. Gen moun ki te bay manti, yo
 te di Etyèn t ap pale kont Bondye.

Aprè yon fo jijman, yo
 te kalonnen Etyèn ak
 kout wòch jouk li
 te mouri poutèt
 lafwa li nan Jezi.



10

Anvan Etyèn mouri, li te ranpli ak Sentespri, li te
 gade syèl la epi li te wè glwa
 Bondye ak Jezi ki chita
 adwat Bondye. Foul
 la te kalonnen Etyèn
 ak wòch, pandan
 li t ap rele Bondye
 epi li di : "Senyè
 Jezi, resevwa
 lespri mwen !"



11

Kidonk, menm jan ak
 Jezi sou kwa a, li te di
 anvan li mouri : "Senyè,
 pa mete peche sa
 a sou do yo !"
 Li te padone
 asasen li yo.




12

Lanmò Etyèn nan te deklanche yon nouvo vag
 pèsekisyon. Yon jèn gason yo te rele Sòl, ki te jide
 nan asasinay Etyèn nan, te arete tout kretyen li te
 kapab jwenn. Anpil ladan yo te kouri kite kay yo epi
 yo te gaye nan tout Jide ak Samari. Se sèlman apot
 yo ki te rete Jerizalèm.



13

Malgre lènmi yo t ap eseye touye yo, moun ki te
 gaye yo te ale toupatou, yo t ap preche Bon Nouvèl
 Jezi a — paske Bondye Sentespri a t ap viv nan yo
 epi li t ap travay nan yo.



14

Legliz la ap sibi kèk pwoblèm (twoub)


Yon istwa soti nan pawòl Bondyé-a, la Bib,

Nap jwen-n nan

Travay Apot yo 5-7

"Pawòl Bondyé poté limyè."
Sòm 119 : 130

15



56

60

16

Istwa biblik sa rakonté nou kòman ké gen yon mèvèyé Bondyé
ki kréyé nou é ki vlé pou ou konnen Li tou.

Bondyé konnen ké nou fè mové aksyon ki rélé péché. Pinisyon pou péché sé lanmò. Sèlman Bondyé renmen nou si tèlman ké Li voyé sèl gren-n pitit Li-a Jézi, ki mouri sou lakwa pou nou, dékwa pou Li sa péyé dèt péché nou yo pou nou. Apré sa Jézi té résisité, é Li monté nan syèl la ! Ou men-m tou, si ou kwè nan Jézi é si ou mandé Li ak tout kè-w pou Li padoné péché ou yo, L'ap fè sa pou ou ! L'ap rantré nan lavi-w touswit é wap maché avèk Li pou tout tan.

Si ou kwè ké sa ou fèk sot tandé-a sé la vérité, résité priyé sa :
"Sényè Jézi, mwen kwè ké ou sé pitit Bondyé, mwen kwè ké ou té mouri pou mwen épi ou résisité ankò. Tanpri, rantré nan lavi mwen, padoné péché mwen yo, pou mwen sa gen yon nouvo lavi kounyé-a la, konsa lè gran jou-a va rivé, m'a va abité avè-w nan rwayòm ou an pou l'éternité. Édé-m obéyi-w é édém viv pou ou an tan ké pitit ou. Amèn.

Li La Bib ou épi palé ak Bondyé chak jou ! Jan 3 : 16

17